ТИМУРАН ТУР

СТИХАШКАХЬ ПОВЕСТЬ



Шен дайн хьуьнарийн сийлаллех куралла яр — мегна ца Iаш, декхар а ду; и ца ларар иэхьен осалла ю.

А. С. Пушкин.

TIамо воI ца вина,
TIамо воI вийна.

Халкъан кица.

ХIан-хIа, вайн дIадахнарг
Ца дов, лар йоцуш.
Йиш яц и дицдан а,
Ялархх хан хийла.
Деха и даиман
Вайца, лийрдоцуш,
ДIадахнарг тарлац вай
Дилла архиве.
Заманан кешнашкахь
Вай и мел хьулдархх,
Я ларархх и ваьшна
Ца оьшуш, хийра,
Далац и вайха дIа,
Шена мел хьу ярх —
Хаалуш,
Хезаш,
Гуш,
Дуьжу вайн кийра.
ДIадахнарг ца дов дIа,
Самах гIан санна,
Кхиэл йо цо вайна шен,
Йишйоцуш хийца.
ДIадахнарг кхолламехь
Деха хIоранна.

ХIорамма кхаменга
ДIахьо и шеца.
Дика а, вуон а цо
Iамадо довза,
Сийлахьниг къастадеш
Иэхьечух нийса.
Дай лара хьоьху цо,
Даймохк вайн беза,
ГIиттадо, бакъ толош,
Харцонца къийса.
ДIадахнарг, мухь хуьлий,
Белшаш тIе дазло,
Таханенах, ца къаьсташ,
ДIаоь и тIаккха.
Кхаменан ков делла
Вайна цо хаздо,
Ницкъ ло цо вайна гIулч
Хиндолче якхха...

I

Iаламна Iаьржа а
Дуьйхина Iен,
Ца хаьа, адамна
Санна.
ГIайгIанна къорачу
Цуьнан а шен,
Декхарш ду массо а
Ханна.

ХIинца цо латийна
БIаьстенан цIе,
Басарш шен даржийна
Сирла.
Баьццарниг Iанийна
Лаьмнашна тIе,

Стигланаш къагийна
Сийна.

Лоькху цо лийрйоцу
Къоналлин йиш,
Хелхаран бІагорехь
Хьаьвза.
Малх къежа, мох ловзу,
КІажъоьху хиш —
Іаламан ловзаре
Хьовса.

Сирла де. Сийна де.
Маьлхан цхьа де,
Іаламо бІаьрг боьллу
Іуьйре.
БІаьстено жил-Іалам
Хьадина де —
Кхойкху цо Іаламца
Уьйре.

Адамийн тобанаш —
ТогІехьа дІа,
Ца къестош къона я
Къена.
Ниха а, даарш а
Кхоор ду хьан:
Тахана — цІей[1]) Мехкан
Ненан[2]).

Иллешца, хелхаршца
Баьхкина нах,
Севци гуо ерданна[3])

---

1 ЦІей — деза де.
2 Мехкан Нана — зуда-дела.
3 Ерда — храм.

Боккхуш.
Мехкаршлахь, хазаллин
Хадийна мах,
Хаьржи цхьаъ, «дела» цIе
Йоккхуш.

Къона йоI — бIаьргашчохь
Седарчийн цIе,
Къажаро малхаца
Къуьйсу.
Оьзда юкъ гIабалис
Къевлина тIе,
ЧIабанех хьаьрчина
Буьйса.

«Эсира! Эсира!..
Гора хьо яI!» —
Деган мохь хезаш Iа
Анас.
Эсира... И хаьржи...
Цул хаза йоI,
Ца йина лаьмнашкахь
Нанас!

Дозалдеш хьоьжу кIант
Езаре шен,
Дог тигац тардала
Кийра.
«Эсира... Дезар дац
Вайн деха Iен,
Вовшех а хьоьгуш, кхин
Хийра!..»

Эсира... Яц хIинца
Эсира и,
Яц хилларг, я хинъерг

Кхана:
Дела ю, тахана
Дела ю и —
Хаьржина и Мехкан
Нана!

Мехкарша Эсира
Каде кечйи,
Тилли тІе зезагийн
Кочар.
ЦІувга[1]) йоІ, сий дарца,
Лакхе хаий —
Кховдийна куьг охьа
Кхоче.

Даладо, кеч а дой,
СагІина ден
ЦІен дуьхьаьрг, тосий зІе
Кхерчан[2]) —
Дела шайн реза ян,
Ца дайта зен,
Иэккхабан бала шайх
Хьерча...

— ХІай сийлахь дали,
ХІай Меркан Нани,
Тхен нани ери хьо,
Хьен бераш бери тхо.
Тхо Іалаш бехьа,
Тхен терго ехьа.
Хьен ницкъ сов бери,
Тхо гІийла бери...

---

1 ЦІувг — жрец.

2 Кхерчан зІе — хьалха кхерча уллуш хиллачу доьзалан боккхачу йайх тосуш хилла зІе.

ЙоІ-деле, ший а куьг
Кхийдош хьала,
ЦІувга, сов хьесталуш,
Доьху —
Адамийн хьашташка
ДогІар цо ла,
Бохамах нах ларбар
Доьху.

Бошмаш шайн кхиийтар,
Дебийтар жаш,
Муттане хилийтар
Бецаш,
Кхерчийн цІе ца яйтар,
Хьекъийтар кхаш,
Стиглара кхерам кхин
Боцуш...

ЙоІ-дела, эсала
Елакъежна,
ГІаьттина исбаьхьа,
Оьзда,
Йолало, дуьхьарган
ЗІе а лаьцна,
И шена тІаьхьа а
Оьзна.

Дерриг а адам а
ТІаьхьахІоьтти,
Иллешца, цІувг вели
Хьалха.
Сийлахьчу ерданна
Кхо гуо баькхи,
ЧІагарца хІоттош сурт
Маьлхан.

Ткъа Мехкан Нана шен
Метте ели,
И хестош, дехар деш,
ЦIувга.
Кхийра кад дуьхьарган
ЦIий чохь бели —
СагIа тIеэцийта
Цуьнга.

Жима а, воккха а
ТIевалаво —
ЙоI — Мехкан Нана — ян
Декъал.
Цо, хьаж тIе пIелг Iуттий,
ЦIийн тIеда бо —
Хилийта шен сагIин
Декъах.

Анас а хIоьтти дIа,
РагI кхаьччи шен,
Юьхьдуьхьал исбаьхьчу
Далла.
Тергалдин цо йоьIан
Куьг дегаден,
Хьажар — шен дагах чекх
Даьлла...

ЦIеххьана — маьхьарий,
ЦIей хададеш,
Нах боьхна хьийза, ца
Кхеташ.
Орцанна кхаьчнарг, шен
Дин сецабеш,
ГIерта цхьаъ-м дийца, мохь
Бетташ...

Вай даьлча санна бу
Карзахе нах.
«ХIун дахьаш кхаьчна и
Бере?»
«Мичара, мила ву?»
«ХIун де цо бах?» —
Хеттарша бина уьш
Хьере.

ЛадогIа, хIай нах, цкъа
ЛадогIа аш —
Ирча кхаъ бахьаш и
Кхаьчна:
МостагIий толаман
Тойнехь бу Iаш.
Дерриг а ду аьтта,
Хьаьшна...

Къизалло юха а
Даькккхина тур,
Къинхетам хир бац мел
Дехарх.
Юха а, цIоз санна,
Тимуран сур
Летта вайн кху лаьмнийн
ДегIах!..

ДIадели. ДIадели.
Чекхдели и!
Йоллучу Симсиман[1])
Эла,
Куьйра-хан вожийна,
БIо хIаллакбин,

---

[1] Симсим — иштта олуш хилла хIетахь хIинцалерчу Нохч-ГIалгIайчоьнах.

ДIаделi! Хирг хилла
Дели!..

II

Лаьмнаш тIе, болчунна
ТIе а базлуш,
Боьссина ХаьнтIиган
Бала.
Вац цхьа а, и айбан
Ницкъ царна луш,
Тахана кхин орцах
Вала.

Хиллачух хIинца а
Тешаш нах бац:
И хIун ду? Муха и
Хилла?
Вайн элий — уьш лата
Iемина бац.
Тешнабехк бина я
ХIилла...

Эскар ду аьлла дац
И Iаьржа цIоз —
Дуьненчохь бац ницкъ уьш
Иэшо.
Кху лаьмнех хьарчийна
Болатан хIоз,
Ма-луъу шайна уьш
Хьеша.

Дан дезарг хIинца аш
Къастаде, нах,
Дацахь уьш кхачаре
Хьуьйсуш.

Я сихло шу хIинца
Ловчкъа хьуьна́х?
Я хуьлу хIаллак шу,
Къуьйсуш?!

Я кийча дац техьа
Жоп дала шу?
Кхераман хоршано
Лецна?
Я довда кечделла
ХIинцале шу,
ХаьнтIигна некъ маьрша
Хецна?

— Эрна вай гулделла,
Сацалур вац,
Дуьне а къардина
ВогIург!
— И хIун къамел ду хьан?
— Хьан гIуллакх дац!
— И хIун ду, къонах, ахь
Бохург?..

— Iу воцу бажа санна
Ду хIинца вай!
— ХIай нах, ма сихлойша
Доха!
Вистхила, Айтамир,
Дош ала хьайн.
— ЛадогIа, хIай нах,
ЛадогIа!..

Тобанах схьакъаьстий,
Коьрта Iуыйра́,
Айтамир хьалхахьа
Волу.

Верриг кIайн, зоьртала,
Белшаш шуьйра́ —
Иштта́чух «къена» ца
Олу.

Айтамир къена вац —
Воккха ву и,
Махкахь кхин нийсархо
Воцуш.
Айтамир хилла ву,
Волуш ву и,
Хир а ву заманца
ВопIуш.

Айтамир — кху лаьмнийн
Верас и ву,
Лаьмнийн дог догуш шен
Кийрахь.
Айтамир — кху лаьмнийн
Илланча ву,
Лаьмнийн аз декаш шен
Кийрахь.

Симсиман паччахь а —
Ша Куьйра-хан,
Ца ваьхьна дош цуьнан
Дохо.
Ткъа хIинца гIийла нах
ГIовттор бу хьан,
Цо санна, мостагIна
Тоха?!

Дерриг а адам а
Ладоьг1на Iа,
Лаам шен кховдийна
Цуьнга.

Харцийна чIагIо цо
ХIоттор ю дIа,
Лаьмнийн сий ларлур ду
Цуьнга!

— Собарца ладогIий,
Ойлае, къонахий,
Яхьйолчу кIенташна
Ду хIара доьхна де.
Зударийн, вайн берийн
Маьхьарий гонаха,
Хьомсарчу вайн нанойн
Кхерчаш го тоьхна тIе.

КIур гIуьттуш, йогуш ю
Вайн шахьарш, ярташ а,
Херцош ю вайн хьаннаш
Хотешкахь ламанийн.
МостагIийн бергаша
Хьоьшуш ду ардаш а,
Сийсаздо дайн кешнаш —
Дуй и вайн лан амал?!

Бакъду и — нищкъ сов бу
Къизачу ХаьнтIиган,
Бакъду и — дерриг а
Дуьне цо къардина.
Амма вайх, алийша,
Лолла лан хьан тигна?
Алийша, шех девдда,
Мила вайх кхаьрдина?!

— Бакъ боху, Айтамир,
Нийса лоь хьо.
Йиш яц вайн къардала
Атта!

— И кIиллу элий кхин
Ца оьшу, тхо
Кийча ду мостагIий
Ата!

Кеп хIоттош, хьабина
Шен кура дин,
Хьалхахьа схьагIоьрти
Эла.
Варкъ къега шедан кхаж
Лаккха айби,
Мохь тоьхна, къамеле
Вели:

— Собар, нах, и сонта
Хабарш ма дийца:
Иэшна вай. Вайн паччахь
Куьйра-хан вийна!
Нагахь шу ца дагIахь
Кхетаме хIинца,
Вуьтур вац цара вайх
Цхьаъа а дийна!..

Кхетийша, нах, цара
Дуьне дIалаьцна!
Дан диснарг — хIинца уьш
Бар ваьшна реза...
Катоьхна Тимурна
СовгIаташ эцна,
Къинхетам беха нах
Бахийта беза...

— Лалла и эла!.. Цо
Дуьйцург ду иэхь!
— Лалла и, кIиллош ца
Оьшу!

— Айтамир, хьайн къамел
Чекхдаккха ахь,
Элий кхин вайна ца
Оьшу!..

— Зама вай йойур яц
Элашца къийсалуш,
Цхьа кхин ду сихонца
Кхочушдан дезариг.
Доьху, схьаалалаш
Хетарг, ца ийзалуш:
Баьчча ву, хьем ца беш,
Вай харжа везариг.

Куьйра-хан вожийна,
Эла вай лаьлли дІа.
Ткъа цара лоьхуш дерг —
Даржаш, шайн сийлалла.
Ца ваха хІинца и
Юьстах а ваьлла Іен,
ГІертар ву нуьцкъаца
ЧІагІдан шен куьйгалла...

Цу сохьта, кортош шайн
Гучудохуш,
Дегнаш тІе куйнаш а
Лецна,
Кхо къонах къаьсти схьа
Тоба юьтуш,
Къамелан рагІ шайга
Эцна.

Хьалхарниг — БорзабІаьрг —
Къена бІаьхо,
Майрачу мІайстахойн
Дада.

Нийсонан, тешаман
Сема хехо,
Говза ву осалла
Кхада.

ШозлагIниг — Анас ву,
Къона турпал,
Эзихь и вина тур
Буйнахь.
Самукъне, эсала,
Хета партал,
Амма ву каде сов
Нуьйрахь.

КхозлагIниг — Аьрзу ву,
Нохчмахкара,
Майралла иллешкахь
Вуьйцуш.
Симсимехь цхьа а дов
Ца доьрзура
Цу юкъахь Аьрзу а
Воцуш...

Айтамир

БорзабIаьрг, дош ала хIинца,
Лаам хьайн нахана бийца.

БорзабIаьрг

Къамел деш, вахлур со вац,
Сацам сан чIагIбелла баьлла:
Цхьа Анас воцург кхин вац
ЦIе яккха «Баьчча ву», аьлла!
Анасан тур ира ду,
Анасан куьг онда ду,

Анасан дош чIогIа ду,
Вайн баьчча хила хьакъ ву!

Маьхьарий

Анас ву хьакъ хила баьчча!
Анас, тхо ду хьуна кийчча!

Айтамир

БорзабIаьрг, пурба ду хьуна
Сиз хьакха...
Анас, ткъа ахь
Дийца хьайн дагара тхуна.

Анас

БорзабIаьрг, ахь суна иэхь
Хетийти, эрна хастийна.
Делахь а, лаам бу сан
Дагахь ас хIинццалц латтийна:
БорзабIаьрг вайн баьчча ган.
БорзабIаьрг бIаьрг сирла ву,
БорзабIаьрг лерг сема ву,
БорзабIаьрг хьекъале ву,
БорзабIаьрг догмайра ву,
Вайн баьчча хила хьакъ ву!

Маьхьарий

БорзабIаьрг, реза ду хьуна!
БорзабIаьрг, хьо веза тхуна!

Айтамир

Анас, ас пурба ло хьуна
Сиз хьакха...

ЛадогIа, нах!
Дош хIинца ло вай Аьрзуна...

Аьрзу

Го суна, реза бу нах.
Анаса аьлларг ду нийса:
БорзабIаьрг ву хила хьакъ
Вайн баьчча. Эшац и къийса...

Маьхьарий

Бакъ боху!
Аьрзу ву бакъ!..

Шаьшшинна гуобоккхуш,
Ши сиз хьаькхна,
Шиъ шаьшшиъ лаьттачохь
Вуьсу.
ХIорамма, тIевоьдий,
Царех цхьанна,
Хьалха тур я шаьлта
Кхуссу.

Оьгуш ю шаьлтанаш,
Тарраш оьгу́ —
Кхаьжнаш ду уьш баьчча
Хоржун,
Оьгу герз, зевнаца
Лаьтта оьгу́,
Йоккхуш дIа шеконан
Хорша.

Шиъ лаьтта, сиз хьаькхна,
Бина ши гуо,
Ши оьла хIутту дIа

Герзийн.
Цхьацца ша схьаоьцуш,
Кхаьжнийн чот йо,
Баьччалла хьакъ долче
Дерзо...

— БорзабІаьрг! БорзабІаьрг
Баьчча хаьржи! —
Майда, и декъалвеш,
Техка.
Кху лаьмнийн сий, маршо
Цунах теший,
Бакъо луш **мехкан тур**[1])
Дехка...

БорзабІаьрг-м лаьттара,
ТеІош кортá,
Ойланнийн вай коьртехь
Кхерсташ.
Баьччаллин деза дарж
Лан дац аттá,
Лаьтта и. Латта ду
Лесташ...

Іаьржа тІехь цхьа йоккха
Стаг йогІу тІе,
БІаьргашчохь го цуьнан
ГІайгІа.
Карахь цо дахьа турс,
Ткъа цунна тІехь —
Баьччина кечдина
ГІагІ а.

---

[1] Мехкан тур — хьалха заманахь вайнаха шаьш хаьржинчу баьччина луш хилла тур. Баьччаллин билгало.

— Хlай баьчча, хlара турс,
Гlагl а дlаэца,
Къизачу тlамехь хьо
Кхара ларвойла.
Вайн лаьмнийн, вайн кхерчийн
Турс, гlагl хьо деца,
Цlахь наной хилар а
Диц ахь ма дойла!..

Тlейоплу Эсира,
Цо Мехкан тур
Деа схьа, хьалха а
Лаьцна.
Хьоьрсу цо гонаха
Шен бlаьргийн нур,
Адам Iа хьаьжжинчохь
Сецна.

— Соьгара, хlай сийлахь
Везийра баьчча,
Дlаэца сийлахь герз —
Мехкан тур ахь.
Толамца верзий цlа,
Кху лаьмнийн баьрчче
Сий дарца юха и
Дlаоллалахь!..

Айтамир вогlу тlе,
Декъал и во,
Даггара мара шен
Къовлий.
Болатан тlеман куй
Баьччига ло,
Массеран цlарах дош
Олий.

— БорзабІаьрг, тхан баьчча,
ДІаэца куй —
Дайша и лерина
Къонахчун сий.
Баьччин куй тиллий, ахь
Баа хьайн дуй —
Лаьмнашна, халкъана
Дала дог, цІий...

— Баркалла, нах, шуна,
Баркалла, баркалла!
Баркалла, сийлахь дарж
Аш соьга кховдорна.
Баркалла, нах, шуна
Доха ца дохарна,
Баркалла, «Толам я
Іожалла!» кхайкхорна!

Ткъа хІинца, нах, ас шу
Лоцу сайн теш.
ХІай ІаьржА латта, хьо
Лоцу сайн теш.
ХІай сийна гІа-буц, хьо
Лоцу сайн теш.
ХІай сирла стигал, хьо
Лоцу сайн теш.

Шу тешаш хьалхахь ас
Буу сайн дуй,
Къоьжачу вайн лаьмнех
Буу сайн дуй,
Нуьречу малхах ас
Буу сайн дуй,
Суо винчу сайн ненах
Буу сайн дуй!

МостагIех ца кхера
Дуй буу ас,
Ямартло ца ян а
Дуй буу ас,
Куралла эккхаян
Дуй буу ас,
Нийсонах ца вала
Дуй буу ас!

Нагахь дуй ас къарбахь,
Аш йолда кхиэл,
Дашочу цу малхо
Йолда шен кхиэл,
Къоьжачу лаьмнаша
Йолда шайн кхиэл,
Со винчу сан нанас
Йолда шен кхиэл!..

III

Еа а маьIехь а,
БIогIамаш санна,
Горз карахь гIорийна
ГIаролла лаьтта:
Кху лаьмнех бац тешам —
Хуур ду хьанна,
Муьлхачу Iинчуьра
Ламанхо гIаьтти!

Тимурна садаIа
Тийначу бешахь,
КIедачу баца тIе
Даржийна кузаш.
Мехкарий кийча Iа
Хелхарна эшахь,

Дерзинчу догIмаш тIе
Дареш а уьйзуш.

Ша воцург баьрчехьа
Вала ца ваьхьна,
Жухарг ву кхиссалуш,
Маймалх тарвелла.
Даарийн мерза Iаь,
ХIаваъ сов аьхна —
Тахане Сийлахьчо
СадаIа елла.

Эххар а кхочу схьа,
Аьтту гIогI текхош,
Тимур, шен эмираш
ТIаьхьа а бохий.
Баьрче и воллушехь,
Жухарг шен экхош,
Ши гIарол хIутту дIа,
Тарраш а дохий.

Шуьйра белш. Лекха хьаж.
Мара бу виэда.
Юьхь — малхо, мохо а
ЦIестан бос белла.
БIаьргашчохь — къизалла,
ХIилла а къиэда,
Маж, мекхий нилха ду,
Дерриг сирделла...

И ву и — эзарнийн
Синойх пIелг туьйсург,
И ву и — ца дезарг
Хьулдан шен анташ[1]).

---

[1] Анташ — гIалаташ, харцонаш.

И ву и — дуьненан
Олалла къуьйсург,
И ву и — херцориг
Паччахьийн гIанташ.

Тимурна гонаха
Іа цуьнан пхьаьрчий.
Уьш бу уьш — и мирзаш,
Ханаш, эмираш.
Эзарнех, эзарнех,
Бехкбоцуш, хьаьрчи.
Іожалла кхаьчначохь
Кху тойнехь Іийраш.

Мухьаммад-Султан ву
ХIиллане, шера.
Ткъа мирза Мираншах —
ТIемало говза.
Мубашшар БахIадур —
ТаIзарна тIера,
Джеханшах — сутара
Ву, доцуш доза.

Чомечу даарша
Боддина дегI шен,
КIедачу назбарш тIе
Тевжина Тимур.
Эмираш битина
Къамелаш дан шайн,
Мехкарийн хелхаре
Хьоьжу и тийна...

«...Мел дукха хезнера
Дуьйцуш кху лаьмнех,
Чингисхан, бохура,
Ларвелла кхарах...

Туьйранаш! ХIоз бийр бу
Курачу къаьмнех!
Леш бийр бу я хIаллак
Бийр бу, ца къарлахь...»

Тимуран ойланаш
Ша ешчи санна,
Мухьаммад-Султана
Доладо дийца.
Баьхначу толамех:
Цунна бен хьанна,
Хуур ду Гурганан
Иштта догъэца!

Боху цо, Тимуран
Когашкахь Iохку
Къоьжачу Кавказан
Дог кура баххьаш.
Дуьхьало ечара
Каш шайна охку,
ХIиттац и ламанхой
Гайта шайн яххьаш.

Вожийна Куьйра-хан —
Симсиман эла,
ЧIагIонаш, шахьараш
Херцийна, яьгна.
Бакълуьйш ву БахIадур —
Ваш церан дела,
Бакъ боху — нохчийн цIийх
Ду шен тур хьаьгна.

Доьху цо БахIадур
Вахийтар кхана
Лаьмнашка — хIаллакьян
Ламанхойн бIаьвнаш.

Баржор бу цо атта
Декъазниш пана,
Белхор бу уьш хIитталц
БIаьрхих шайн Iаьмнаш!

— Уьш къарбан кIезиг ницкъ
Оьшу ма мотта, —
Вистхуьлу Сийлахьниг, —
Лета уьш говза.
Диц ма де — некъаш дац,
Сокхамкхаш[1]) — готта.
Эскаршна ламанан
Хьелаш ца девза.

Ларал аш — хIинцале .
Хилла вайн зенаш,
Яккхийра пачхьалкхаш
Йохош ца хилла.
Пхерчий ду, стиглара
Санна, тIеIенаш...
Мел хIаллак хилла ткъа
Лаьмнашкахь тилла?..

— Сийлахьниг, пурба ло
Цхьа стаг тIевало.
И лохчийн эла ву
Тешаме вайна.
Хир вац и, хетарехь,
Доцуш цхьаъ ала.
Цул тIаьхьа дер цунах
Луъуриг хьайна...

Вадавой, валаво
Эла тIе царна.

---

[1] Сокхамкхаш — пIашлойн некъан тачанаш.

ВоггIушехь горавужу
Тимурна хьалха.
Къинхетам боьху ша
Маьрша тIеварна,
Доьху ша ца витар,
ГIо доцуш, цхьалха.

Теша и — Тимура
ГIо дунна дийр ду,
Цхьа деган Iалашо
Кхочушъян хIинца:
Цо кхеран туьраца
Нохчий къарбийр бу,
Дац хала цул тIаьхьа
Цаьрца дош дийца.

Хуур ду декъазчу
Цу тентакашна,
ХIун хуьлу ца хиъча
Лара шайн эла.
Дуьтур дац тIаккха цо
Латта кешнашна,
Ца хилахь реза уьш
Букъ сеттош лела!

— ХIай Сийлахь-воккханиг,
Къинхетам бехьа!
Хьан лай ву веанарг,
ЛадогIар доьху.
Бахьаг ю сан цIе. Со
ДIо лома тIехьа
Вехаш ву... Хьоьгара
ГIо хIинца лоьху...

Со нохчийн элех ву,
Куьйра-хан вийча,

Дан деза совгIаташ
Кечдина ваьлла,
Нохчашна къинхетам
Хьоь беха кийча
Вара со, амма нах
Кхетамах бевлла...

Дерриг а дуьйхира...
Уьш, шайн ма-хуьллу
БIо кечбан гIерташ бу...
Со ведда вели...
Сийлахьниг, дан дезарг
Хьан кхиэле дуьллу.
Нохчашна хезаш дац
ХIинца дош элан...

— Мила ву дуьхьало
Ян ваьхьнарг, вийца!
Сонта нах гIовттийнарг
Мила ву ала.
Хьекъалах тиллачун
ЦIе суна йийца.
Мила ву хьаьхнариг
Коьртаха вала?!.

— Ширачу Iадатехь
Хаьржина баьчча.
БорзабIаьрг бохуш ю
Цхьа къена гуьйриг.
Амма нах кийча бу
Бала, цо аьлча...
Илланча — Айтамир
Ву дерриг дийриг...

И ву нах гIовттийнарг,
Емалбеш элий.

Халкъ меттадогIур дац
И мел ву дийна.
Сийлахьниг, вац гIо дан,
Воцург хьой, делий...
ХIинццалц со тIекхача
Йишйоцуш Iийна...

— ХьалагIатта, эла, бакъ
Хилахь ахь дуьйцург,
Кху лаьмнийн долалла
Кховдор ду хьоьга.
Декъазниш! Генахь ду
Цара сатуьйсург...
Дийначийн дезар ду
Беллачех хьиэга!..

— Сийлахьниг, лаьмнашкахь
Ца лела тилла,
Оьшур бу нах шуна...
Велахь хьо реза,
Шун йийсарш кхиъна шайн
Синойх догдилла,
Вай царех масех стаг
Схьакъасто веза...

Хьадалчаш каде бу —
Хье ца луш, балий
Ламанхой, таккхийна,
ТIаьххьарчу кхиэле.
Цхьаъ бен кхин чаккхе яц
Цаьргарчу балин —
Iожалла ю цара
Йоьхуриг деле.

ХIитти дIа, вовшашна
ТIеттIа а тийжаш —

Мацаллин бIагорехь
Техкаш ду латта.
Ехказа чевнаш ю
ДогIмаш тIехь Iийжаш,
Хиндолче бендоцуш
ЛадоьгIна лаьтта.

Ма латта, декъазниш,
ГIорийча санна —
Нуьцкъалчу Тимурна
Хьалхахь шу лаьтта!
Гораэгий, къинхетам
Аш беха, хьанна
Хаьа цо гечдой а,
Же, хIай ма латта!

ХIан-хIа, уьш ца ийги,
И Бахьаг санна,
Тимуран когашка,
ХIуъа дан кийча.
Хууш бу къинхетам
Хир боций шайна,
Ямартло ян реза
Нагахь ца хилча.

ХIан-хIа, уьш хIумма а
Боьхна ца гора,
Хьуьйсу уьш ХаьнтIигехь
Гуш шайн Iожалла.
Дацахь а догIмашкахь
Дисина гIора,
БIаьргашчохь хIинца а
Йогу куралла!

ХIан-хIа, уьш яц къийгаш,
Кхерамехь ека,

Ламанан аьрзуш ю,
Дихкина тІемаш!
Гонаха ю Іаьржа
Хьаргіанаш екха,
Кечъелла цІий церан
Мала, ца Іебаш...

Бахьаг — и лхьагалан
Дог кийрахь цхьогал —
Хьаьстина, кхерийна,
Уьш Іехо гІерта.
Хууш ву кхерамехь
Юйла шен цІока,
Нагахь уьш ца багІахь
ХІокхаьрца берта.

— Даккхийра гІуллакхаш
Дан шуьгахь гІора
Дощийла ца хууш
Бац кхІорш а, теша.
Эскаршца лаьмнашка
ГІур ву шух хІора:
Цигара некъаш аш
Довзийтар оьшу...

— Бахьаг, хьох ХаьнтІиган
Лай хилла хІинца!
— Ямартхо! Дайн лаьмнаш
Доьхки ахь атта...
— Хир дац и! Тхоьга и
Дийцаъ ма дийца!..
— КІиллу яІ, йиш хилча
Герз карахь гІатта!..

Хьадалчаш сема бу:
ТІехьолхий, цара

Тохарца хIора а
Вожаво лаьтта.
ХIинца уьш Нуьцкъалчун
Коагашкахь Iара —
Дац гIора цхьаьнггахь а,
ДегI нисдеш, гIатта.

БахIадур

Вац гина, хIорш санна,
Тентикаш цкъа а!
Эшац кхин дийца а —
Хир ду и эрна.
Мецачу жIаьлешна
Тийсар бен цхьа а
Дарба дац, вешан хан
Кхара яйарна...

Тимур

Тоийта! ХIинццалц хIорш
Дика ловзийна.
Баха дIа гучуьра
Декъазниш суна.
Кхин юха суна уьш
Ма гойла дийна!
Дан дезарг хуур ду,
БахIадур, хьуна...

Я собар! ТаIзар сан
Ду царна нийса:
Уггар а лекха берд,
КIорга Iин харжий,
Куьг-ког а дехкий, уьш
Бердах чукхийса —

Шен ирс дерг, тIулгаш тIе
Кхетта, ву ваьржар!..

Чекхдели! Чекхдели —
Кхиэл хилла ели:
Дог кура къонахий
Баха хьакъ бац!
Чекхдели! Дерриг а
ХIинца чекхдели —
Къизаллин кхиэл хийца
Ницкъ кхузахь бац!

Чекхдели! Хьадалчаш
Хьаьвзи тIахъаьлла —
Къарбала ца лиъначш
Бац хIинца гуш.
Чекхдели. Дицдели.
СапаргIатдаьлла,
Го хIинца массо а,
Бицбелла уьш!

Чекхдели. Дицдели.
Юха а гIуьтту
Дааршна тIера и
Чам мерза Iаь.
Юха а мехкарий
Хелхарш дан хIуьтту,
Сийлахьниг назбарш тIе
Тевжина Iа...

IV

Суьйренан зIаьнаршлахь
Эвлан цхьа йист.
Шиъ лаьтта, ницкъ боцуш
Къаста.

Анас, хьо хIунда Iа
Ца хуьлуш вист?
ХIунда вац сиха йоI
Хьаста?

Эсира, хьан белшаш
Ма егайо —
Дагна хIун Iаьткъина
Техьа?
И хаза ши бIаьрг мел
Кхоьлина го —
Церан цIе хьан яйи
Техьа?

Дац, безам ца хиъна
Iалашбан шайн,
Къахьонца къаьсташ а
ХIинца.
Я, реза ца хилла
Вовшашна дай,
Ца дезна захало
Хийца.

ЙоI еха диллина
Нур сирла де
Къизачу кхолламо
Кхолий.
Къонаха, мохк морцуш,
Кхерстича цIе,
Юкъ шен ца йихкича
Волий?!

Эсира, Эсира,
И бIаьрхиш хьан —
Леда-кх уьш даг тIе, даш
Хилла!

Хьоьхь товш яц осалла,
Ма елхахьа,
Ма гайта хьуо иштта
ГІийла.

Апас, хьо ма латта —
Вистхила цкъа,
Ма латта, йоІе дош
Ала!
Къоначу цу деган
Хир хьуна къа,
Ма латта — вистхилий
Вала!..

Буьйсанийн йохаллехь
Мел листинарг,
Мел лиънарг езначе
Дийца,
Даггара далхадан
Мел лийринарг
Дицдели те хьуна
ХІинца?

Эсира, Эсира,
Хууш ю хьо —
Хьо кхиъалц бохуш, и
Іийна.
Ткъа хІинца безам цо
Дагчохь дІахьо,
Ца шелбан, ша мел ву
Дийна...

Аз доцу дегнийн мотт —
Кхеташ бу и.
БІаьргашчохь гулделла
Хьастар.

Шеко яц, яц къайле
Цу шиннан кхин,
Цхьа къастар... юккъехь ду...
Къастар...

V

Ламанан кху ирзехь
Іуьйре гІаьтти,
Бер санна, самукъне
Ловзуш.
Месала хьаннаш, наб
Йожош, лести,
Сийна чІуг хелхарехь
Хьовзош.

Іуьйрено шен къона
Болар сихди,
Къежа и, юьхь нуьре
Йогу.
ГІабалин баьццара
ТІам кхерстош, и
Дахарна барт баккха
ЙогІу.

Къеди схьа лаьмнашна
ТІехьара цІен,
Малх, хьаннаш зІаьнаршца
Юцуш.
Сема лу кІорница
Дели гу тІе,
Зарзар ю безам шен
Буьйцуш.

Сирла ду дерриг а,
ЦІена ду сов.

Догдика — гонаха
Мел дерг.
Іаламна ца хаьа
Цабезам, дов,
Дац цуьпца дагна хьагІ
Елларг...

ЦІеххьана шина а
АгІора схьа
Тембоцу гІарайолу
ГІоргІа.
Іадийна Іуьйре а
Хеббинчохь Іа,
Меттаххьан доцуш шен
ГІора.

Іаламан маьршачу
Эшарех чекх,
Болатан ира зов
Дели.
Адамо адамца
Къевсина текх,
Девзна кхаж кху ирзун
Бели.

Иштта и нисдели —
ЦІеххьана уьш,
ХІоккхузахь дуьхь-дуьхьал
ХІитти.
Ткъа юккъехь — цхьа ирзо,
Ю шера гуш,
Гоьмукъаш, кечйина
Іитта.

Буьрса ши бІо лаьтташ
Йолу цхьа хан,

ДIадолор вовшашка
Кхуьйсуш.
Аьрха дой карзахе
Хьийза хелха,
МерIуьргех йовха Iаь
Туьйсуш...

Эххар а Тимуран
БIо юккъера
Къаьста цхьа бере, куьг
Ойбий.
«Бахьаг ву!» — Анасна
И вевзира.
Баьржа мохь «Ямартхо!», —
Олий.

Бахьаг

ХIей, БорзабIаьрг, ларе
ЛадогIа соьга!
Нуьцкъалчу Тимуран
Догмайра леча —
БахIадур ву соьца,
Цо боху хьоьга
Гечдийр ду, хилахь шу
Карадахка кийча!..

БорзабIаьрг

Бахьаг, хьо лай товш ву,
Дезар ду хьуна,
Тхан каравагIахь, цхьа
Виран кож кечдан!
Ткъа цу хьайн къийге ахь
Ала: цо тхуна
Сагатдан ца оьшу,
Ца оьшу гечдан.

Бахьаг

БорзабIаьрг, хIаллак шаьш
Кхаьрга ма дайта.
Ницкъ кхеран алсам бу
БIозза а, кхета.
Дош ло ас, кара шу
ДагIахь, гечдайта!

Анас

КIиллу яI, и къамел
Дан иэхь ца хета!..

БахIадур

ХIей, Iовдал ламанхой,
Соьга ладогIа!
Шаьш ду шу ца хиънарш
Гечдайта шайна.
ХIинца сан, ца ваьлла,
Дезар ду тоха.
ТIаккха шух хIун юьсур
Гур ду-кх и вайна!

БорзабIаьрг

Шуна кIел совцучул
ГIюли ю делча!
Тхо къарлург хиларх шу
Догдиллий Iелаш.
Нуьцкъалчу Тимуран
Майра хьадалча,
Ахь дахдан ца оьшу
Эрна къамелаш...

Бахlадур

Лата сов сихвелла,
ХIай нохчийн баьчча,
Ишттачохь, дуьхь-дуьхьал
Ши бIо нисбелча,
Товш хуьлу цкъа юккъе
Ши турпал ваьлча.
Наггахь дов дIадоьрзу
Царех цхьаъ тоьлча.
И муха лору ахь,
Цунна хIун олу?
Хьуо юккъевала вуй
Кийча хьо тIаккха?

БорзабIаьрг

И товш ду! Кху сохьта
Юккъе со волу.
Схьанехьа валий, хьайн
Тур ахь а даккха!..

Бахlадур

Iовдалчу ламанхойн
ХIай чIиркъе баьчча,
Тарлац сан,хьох летта,
Сайга хьо нисван.
Нагахь хьо цхьа эмир,
Я хан, я паччахь
Хилча, ас зуьйр бара
Хьан куьйган ницкъ а!
Кхин ву сан хьох лата
Хьакъволу турпал...
— ХIей, Чаку! Кечлолахь
Хьо юккъе вала!..

Хьо санна кура вац
Со, я сан тур а!
Реза ву...

Аьрзу

Собар цкъа!
Пурба ло ала...
Хlей, хан, я эмир, хьох
Хlун ала деза?!
Тхайн баьчча хьол оьшуш
Ца лору оха. —
Ахь вуьйцу и турпал
Сох лата веза.
Реза вуй? Я хlинца
Воллу хьо воха?

Барт хили. Ши турпал,
Дой сецадеш,
Чухахка кечвелла
Лаьтта.
Хlора а, мостагlа
Шен тергалвеш,
Тур айдеш, луьйтанахь
Гlаьттн.

Чуччу а хаьхкина,
Тарраш ластий.
Дийки зов, вовшах уьш
Кхетта.
Юха а, юха а
Суйнаш латий,
Болато, болатах
Летта...

Лета шиъ, дуьхь-дуьхьал
Туьйсуш шайн дой,
Ший а ву тур лело
Говза.
Лета шиъ, дов доцург
Дерриг дицдой,
Ший а шайн Іожаллех
Ловзу.

Лета шиъ, къинхетам
Къахкийна дІа,
Къизалло юккъе чим
Туьйсуш.
Шиъ лета, ткъа бІеннаш
ХІиттина Іа,
Шиннах цхьаъ вожаре
Хьуьйсуш.

Нуьцкъала ду хІора
Тохар Чакун —
Іемина ву иштта
Лета.
Ткъа Аьрзу — лом санна,
Каде и ву,
Забарна тийсалуш
Хета...

ЦІехьана, нуьйрахь шен
Айавелла,
Аьрзус тур Чакуна
Туьйхи.
Ткъа ваша-м шерши чу,
ДегІ малделла,
КІоршаме дозалла
Дуьйхи!

Массо а акъволий,
Йолу цхьа хан,
Ца кхуьуш хиллачух
Кхета.
ХIинца хIун хуьлу техь?
Долор ду хьан?
Тийналла хораме
Хета.

Аьрзус дин хаьхки схьа,
Массарна го:
Чаку ву воьжначохь
Iуьллуш.
Меттаххьов шина а
АгIора бIо,
Маьхьаршца гоьмукъаш
Уьйуш.

Сихвели омра шен
Дан БахIадур,
Вотанаш карзахе
Егий.
Ирхъяха байракхаш,
Болатан нур,
Лаьмнашца лестина,
Къеги.

БорзабIаьрг вирзи шен
КIенташкахьа —
Кийча го мостагIий
Цеста.
Катоьхна, даькхи цо
Мехкан тур схьа,
Байракхийн тIемаш цIен
Лести.

Омра шен чекхдаккха
И ца кхиий —
ДІо хьалхахь Іаьржа кІур
ГІаьтти.
Акхачу маьхьарша
ХІаваъ датІий,
Бергаша дегадин
Латта...

ТІекхечи! Шиий а бІо
Чуччубаха,
Вовшех ца къасталуш,
Ийна.
Тарлуш дац хІинца стаг
Вала вуха,
Цу къемат юккъера
Дийна...

ЭхІ, маьлхан ирзо!.. И
Іаржделла ша,
Буьрсачу чІагарехь
Хьийзаш.
Ховха бай бухбохуш
Бу бергаша,
Сийна букъ кхоамза
Къийзош!..

Маьхьарий... НаьІалташ...
ГІийла узарш...
Зевнаца деттало
Герзаш.
Оьгу нах... Хьоьшу нах...
ЭхІ, адамаш!..
Дой къехка, инзаре
Терсаш...

Шийлачу болатан
Дера и зов,
Хаддаза хIаваэхь
Кхозу.
ТIемалойн шовкъ йолу
ТIеттIа а сов,
Къизалла хелхарехь
Ловзу...

БорзабIаьрг — мох санна,
И, хеккало,
ТIемалойн дегнаш а
ГIиттош.
Оьгу уьш. ХIинца уьш
Сов нилха го.
Цхьаъ вужу, мостагIех
Итт хьош...

Анас а, борз санна,
Го тийсалуш,
Дехьа а, сехьа а
Кхийдаш.
Амма бIо гушшехьа
Лаьтта жимлуш,
МостагIийн пенаша
Iуьйдуш.

Аьрзу — кху девнан юьхь
Йолийнарг дIа —
Ваькхина юьстах чов
Хилла.
ЦIий ихна, дегIан ницкъ
Эшна и Iа,
Дезна ша виллинчохь
Iилла...

Бахбелла буьрса тIом,
Хьере беш нах.
МостагIийн гуо чIагIло
ТIеттIа.
Вайнах ца бисна шайн
Эханнан ах —
Аьтту бу, уьш бохош,
Етта.

Тоххарехь гIушлакхе
Баьлла и малх,
Къизалло Iадийна,
Хьаьбна.
Бай цIен бу... массанхьа
Эгначийн чалх...
Къизалла-м яц соцуш,
Iаьбна...

VI

Атта дац кад мала
Иэшаран,
Дог Iийжа, къахьалло
Дотту и.
Атта дац иэхь лан а
Хьешаран,
МостагIийн бергаша
ДоттагIий.

Атта дац, дог дешаш
Ца воха,
Наной шайн кIенташна
Тийжачохь.
Атта дац собарца
Сатоха,
Кегийчу бойн дегнаш
Iийжачохь.

Атта дац бIаьргтоха
Гонаха,
Дерриг а гуш цIеро
Мерцина.
Ма атта дац-кха ган,
Ва нах, хIай,
Дай баьхна хIусамаш
Херцийна!

Атта дац, воьлуш хьан
Къомах а,
МостагIче ламанаш
Хьешийта.
Ма атта дац-кха, хIай
Къонахий,
Йижарий йийсарехь
Лешийта!

Яц шахьар хиллачохь
Селхана,
Иссе эзар кIур байна,
Хьаьтт тийна.
Яц шахьар, бIешершкахь
Сел хала,
Кху лаьмнийн некха тIехь
ГIаьттинарг...

Цкъа майда хиллачохь
Гулбелла,
Лаьтта нах, хиллачо
Кхохкийна.
ХIора шен ойланехь
Хьулвелла,
Лаьтта нах, кортош а
Охкийна.

Майда Іа, тапъаьлла,
ДІатийна.
Жима а, воккха а
ГІийла го.
Нах цкъа а бац иштта
ТаІийна.
ГІайгІано, пинехь а
Хийла вуон.

Белхац кхин зударий —
ХІиттина,
Дац хезаш я берийн
Аьзнаш а.
ДІо арахь го, Іаьржа
ГІиттина,
Керлачу кешнийн и
Баьрзнаш а.

Хазац кхин кхайкхамаш
Бен аьзнаш,
Вац цхьа а герз карахь
Хьаьдда гуш.
Тапъаьлла, тийна Іа
Декъазнаш,
Дан амал шайн доцуш
Лаьтта уьш...

Айтамир, кхин масех
Къонаха,
Юьстаха бевлла, Іа
Хевшина.
Иэхь хеташ хьажа а
Гонаха,
БорзабІаьрг Іа, диттах
Тевжина.

Анас, дIо вертан тIехь
Iуьллучу,
Аьрзуна уллохь Iа,
Садетташ.
Шаьлта шен йоккху схьа,
Юьллу чу
Юха а цо, дера
Кадетташ.

Массо а го корта
Оллийна,
Массо а — ойланийн
Йийсарехь.
Бицбелла къийсам шаьш
Болийна,
Массарна гIайгIанийн
Сийсарехь...

Мичахь ю, мичахь ю
Ощеран,
Куралла — тахханалц
Шайн хилла?
Мичахь ю — хIинца-м ца
Го щеран,
Майралла — тахханалц
Шайн хилла?

Чекхдели! Дерриг а
Дели чекх —
Иэшаро къонахий
Хийци, гуш.
Чекхдели. Къийсам а
Бели чекх —
Бац цхьа а ницкъ гIовтто
ХIинца уьш!..

И дерриг гуш, хууш,
Хиллачун
Ойлаеш, Айтамир
Іа тийна.
Амма юй бакъо Іен
Илланчин
Иштачохь, уккал а
ТаІийна?!

ХІан-хІа, цо бийр ма бац
Хьехамаш,
Иштачохь кхайкхамаш
Эрна бу.
Цо, дегнийн синпхенаш
Хье а деш,
Дайх дисна цхьа илли
Эр ма ду!

ХІаъа, цо далхор ду
Иллица,
Іаьткъинарг, дегнех цІе
Летаеш.
Илланчас пондар шен
Ийци схьа,
Бийки мерз, тийналла
Егаеш!

Бийки мерз, кхерсти аз
Илланчин.
Іена и дегнаш чу,
Кхойкху и.
Бийки мерз, кхерсти аз
Илланчин —
КІенташка бекхамна
Кхойкху и:

Лаьттана гуолаьцна
И сийна хIорд санна,
Лаьмнашна гуолаьцна
МостагIий ма лаьтта.
Дакъаза ма довла,
ХIай нохчийн ва кIентий,
Доьхначу кху дийнахь
Шу мичахь тийна техь?

Нуьречу малхана
Гуолаьцна дохк санна,
Аренаш дIалаьцна
МостагIий ма лаьтта.
Дакъаза ма довла,
ХIай нохчийн ва кIентий,
Доьхначу кху дийнахь
Шу мичахь тийна техь?

Хьаьттаршна гуолаьцна
Човкарчий ва санна,
Шахьаршна гуолаьцна
МостагIий ма лаьтта.
Дакъаза ма довла,
ХIай нохчийн ва кIентий,
Доьхначу кху дийнахь
Шу мичахь тийна техь?

Вай динчу вайн лаьмнийн
Дог кура и баххьаш,
Иэхьхеташ, тахана
ТаьIна ца го шуна?
Хьацарна пIелг хьоькхуш,
Вай дийна и ардаш,
МостагIийн бергаша
Хьоьшуш ца го шуна?

Вайн дайша хIиттийна
И гIийла саькхалаш,
Сийна цIе шайх кхерсташ,
Йогучу кху дийнахь,
Дакъаза ма довла,
ХIай нохчийн ва кIентий,
Доьхначу кху дийнахь
БIарзделла техьа шу?

Мелачу ладарех
БIаьргаш шайн лешабеш,
Вайн наной юьхьIаьржа
Боьлхучу кху дийнахь,
Дакъаза ма довла,
ХIай нохчийн ва кIентий,
Доьхначу кху дийнахь
Къорадоьлла техьа шу?

Морсачу шодмашца
Пурх баккъаш хедадеш,
МостагIша баккхий нах
Чехочу кху дийнахь,
Дакъаза ма довла,
ХIай нохчийн ва кIентий,
Доьхначу кху дийнахь
Шу мичахь диси техь?

Йийсарехь, эвхьазчу
Куьйгаша сийсазбеш,
Вайн эвхье мехкарий
Хебачу кху дийнахь,
Дакъаза ма довла,
ХIай нохчийн ва кIентий,
Доьхначу кху дийнахь
Шу хIунда диси техь?

ТIедухан болатан
ПIагI доцуш диси техь?
Юкъ ехка дитт ира
Герз доцуш диси техь?
ТIеховша йора дой
Доцуш шу диси техь?
Я баьчча воцуш шайн
Доьхна шу диси техь?

Сий лардан, яхь ларъян
КIентий шен кхин боцуш,
Йиси-техь Нохчийчоь,
Дан амал кхин доцуш?
Дакъаза ма довла,
Яхьйолу хIай кIентий,
Доьхначу кху дийнахь
Шу муха Iедели?

Доьхна де дуьххьара
Гуш шу ма дацара,
Кхерамехь хIинццалц шу
Доьхна ма дацара,
Дакъаза ма довла,
Яхьйолу хIай кIентий,
Тахана орцанна
Шу хIунда хьедели?..

Дека аз, кхерста аз
Илланчин,
Iена и деГнаш чу,
Кхойкху и.
Дека аз, кхерста аз
Илланчин —
КIенташка бекхамна
Кхойкху и...

Малх хьаьжчи, деза ло
Дожадеш,
Нисло-кха диттийн и
Бахьаш а.
Иштта го — бала шайн
Божабеш,
Ийало къонахийн
Яхьаш а.

Эхьар а метта шаьш
Баьхкина,
Хьаьвси нах вовшашка
Лерина.
Бендацар цIехьана
Къаьхкина,
МаьI-маьIехь маьхьарий
Девлира:

— Вай хIун деш Iа, кортош
Охкийна?!
Вай мила кхачаре
Хьуьйсуш ду?
— Къарделлехь делла вай
Iохкийла!
— КIентий, вай хIинца а
Къуьйсур ду!..

Борзабlаьрг

Баркалла, Айтамир,
Баркалла хьуна!
Кхераман йийсарех
Бехи ахь нах!
Баркалла, баркалла,
Илланча хьуна,
Беза бу зевнечу
Хьан дешан нах!

Баркалла, тхан сийлахь
Илланча, ахь тхо,
Къонахийн декхарна
Самадехи.
Ткъа хIинца уккалш а
ТаIийна Iахь тхо,
Иэхь деца, доккханиг
Шел доцуш кхин!

Айтамир

БорзабIаьрг, декхар ахь
Кхочушде баьччин.
Тиллийта, хьем ца беш,
Хьайн динна нуьйр.
Къийсам я лолла вай
Хоржу хан кхаьчний,
Ца хууш бац хьуна
Нах, диэ хьайн буьйр.

Маьхьарий

— Кхайкхаде, баьчча, буьйр.
ЛадугIу оха!
— Кхайкхаде, кхочушдан
Кийча ду тхо!
— Схьаала, баьчча, ахь
Дан дезарг оха!
— Схьаала, ладугIуш
Ду хьоьга тхо!..

БорзабIаьрг

ЛадогIа, къонахий,
Лоруш сан буьйр и:
Кечло шу, тарлац иэхь

Вай кхин дIа лан!
ХIора шух бIаьрахьажа
Вайн нанойн, берийн,
Цул тIаьхьа дегнашка
ДогIа шайн ла!

Цул сов кхин хIуммаъ дац
Сан шуьга ала.
ХIораммо кхочушде
Шен деган буьйр.
Къийсамна кийча верг
Схьанехьа вала,
Дин кечбе, ирде шен
Артделла тур!..

Юха а нах бу шаьш
Хилларгш,
Вац цхьа а гуш корта
Оллийна.
Юха а куралла —
Хилларг,
Юха а бIо гулбан
Болийна.

ХIан-хIа, уьш хIинцаъ ца
Бевлла шек,
Ийзалуш кхерамах,
Вонаххий.
ХIан-хIа, бац къийсам а
Баьлла чекх,
Бац цхьа а ницкъ къарбан
Къонахий!..

VII

Юьстах а буьйлуш, нах
ХIуьтту дIа,

Сихбелла бIаьн тоба
Естаян.
Къона а, къена а
Хоьтту хьан,
Ницкъ куьйгехь белахь тур
Лестадан.

Йоккха стаг баьччина
ЙогIу тIе,
КIант шена тIаьхьа а
ХIоттийна.
Нана — кхин яц цуьнан
Йоккху цIе
КIант айло лекха ву
Моттийта.

— ХIай сийлахь баьчча, ахь
ЛадогIа Нене:
Дехар ду сан хьоьга
Тахана дан.
Виъ воI сайн кху тIамехь
Велла ас деле...
Хилла уьш ца боьгIна
Кхин суна ган...

Ткъа хIинца висинарг —
Уггар а хьоме
Верг сайна дIаэцар
Доьху хьоь ас.
Эккхаво ша, боху,
Жима ву, олий...
Доьху ас, ма елахь
Ахь кхунна вас.

Эшначохь махкана
Вала во хIора

КIант нанас, цундела
Бакъо ю сан.
Тахана кIенташца,
Шен ма-дду пIора,
МостагIех леташ сайн
Жимахверг ган!..

Ткъа хьоьга, кIант, ду сан
ТIаьххьара ала:
Дехахь дIа хIокхара
Хьайн дегIан са,
Пурба дац сан хьуна
Ойлане вала —
Ахь чехка дIалолахь
Хьайн мерза са!..

— ТIеоьцу хьан кIант ас,
БIаьхо веш, Нана,
Лаам хьан кхочушбан
Дош хьуна ло.
Амма ас доьху хьоь,
Ялалахь кхана,
Суна а даггара
КъинтIера хьо...

— Баркалла, баркалла
Хьуна, хIай Нана!
— Къонахаш юккъехь а
Къонаха ю!
— Декъала хуьлда хьо,
Яхьйолу Нана!
— Нана, шек ма яла,
КIант ларор ву!..

ТIевогIу воккха стаг —
Чолакха,

Эсира тIаьхьа а
ХIоттайой.
ТIемалойн духар тIехь,
Чола куй.
Нах буьссу и кIант ву
Мотталой.

— БорзабIаьрг, сан дехар
Кхочушде хIинца.
Волуш ца веана
Хьуна тIе со.
Чолакх ву, шундела
Сайх лаьцна дийца.
Валлац со: соьгара
Дац хила гIо.

Тахана, мехкан сий
Лардечу дийнахь,
БIаьхошца ца хилча
Шен майра воI,
Иэхьхеташ хеба-кха.
Дадин дог кийрахь...
Кхетий хьо? ВоI ваш сан,
ДIаэца йоI!

ГIиллакх ду и лаьмнийн
Вайн дайшкахь дуьйна —
ВоI воцчу дас шен йоI
Махкана луш.
ВоI вац сан, вежарий
Бац хIинца дийна...
ДIаэца, баьчча, йоI,
БIаьхо лоруш...

Эсира кхиийна
Божабер санна.

Тешалахь — кIенташца
Ларор ю и.
Майра ю, муьлхха а
Къонаха санна,
Хууш ю тур ловзо,
Хьовзабан дин!..

— Бакъ боху! Нийса ду!
Бакълуьйш ву дада!
— ТIеэца, баьчча, йоI!
— ТIеэца и!
— ПIиллакх ду вайн иштта,
Бакъ ву хьо, дада!
— ТIеэца Эсира,
Ца дахдеш кхин!..

— Баркалла, воккха стаг,
Баркалла хуьлда.
Декхар хьайн кхочушди
Дуьззина ахь.
Баркалла, тахана,
Диц ца деш гIиллакх,
Махкана йоI яла
Хиларна яхь!..

БIо гулбар дацахь а
Аттачех,
Сихло нах могIаршка
ХIитта шаьш.
БIо деба, деба гуш
Лаьтташехь,
Гоьмукъийн луьста хьун
ГIиттаеш.

БорзабIаьрг воккхаве,
Дог кура,

Хьоьжу и къонахийн
Яххьашка:
«ХІорш гуорахІотто уьш
Бохкура?!
Цахиндерг! Кхочур ду
Иэхь шаьшка!..»

VIII

Лаьмнийн мохк. Іаннийн мохк.
Мархашка некъаш.
Лам — ломан лулахо,
Іин — Іинан ков.
Цхьа лаьмнаш. Цхьа Іаннаш —
Цхьа кхоллам боькъуш,
Собарца декъаза
Дакъа шайн лов.

Амма ду цхьаъ лаьмнийн
Лан амал доцуш —
МостагІчо кховдийна
Лоллин и дукъ.
Тарлуш ду ницкъо лам
Бохо а, отуш.
Амма йиш яц сатто
Мокхазан букъ!

Лаьмнийн мохк. Іаннийн
мохк —
И, хедош, бекъа,
Дозанна хІоьттина
Бац цхьа а лам.
Лома тІе лам хІутту,
Беш лами некъан,
Цхьа лаьмнаш, цхьа Іаннаш.
БІе мотт, бІе къам...

Тахана Симсимехь
Даьржина: «Орца!»
Кхерстира, ткъес санна,
Лаьмнашкахь дІа.
Массо а маьІехь а
Эвххьаза кор цо,
Туьйхира: «ГІовтта, нах,
ХІун деш шу Іа!»

Лулахойн цІа догуш,
Орцах ца ваьлла,
Лулахо вогур ву
Цу цІарах ша.
Лийна вац ламанхо,
Таккхал а ваьлла,
Орцанна лаьмнаша
Кхайкхича ша.

Йиш яц Іен иштта чохь,
Ойланехь текъаш,
ЛадегІар — къонахийн
Амалехь дац.
Йогучу Ноxчийчу
Хьаьвдда ду некъаш,
ДегІаста лулахой
Бицбина яц.

Хьаькхна дарц санна, цу
ГІазикхумера
БогІу бІо, байраккхаш
Ловзош мохо.
Хьалха ву Махьама:
Симсимехь шера
Вевза и яхьйолу
Майра бІаьхо!..

IX

Борзабіаьрг кІелонна
Кху боьрахь сецна.
ХІоккхузахь хедар бу
Некъ мостагІийн.
Гечош дІакъевлина,
Битинарг хецна —
БІагора цхьа берд бу
Аьрхачу хин.

БІюх цхьаберш ламанан
Басешкахь тийна.
Хьаннашлахь хьулбелла,
Іа кийча уьш.
Чхернаш чукерчо а
Цхьаберш хІиттийна,
Ткъа пхьарчой бу хІинца
Іодмаш шайн зуьйш.

Ломан дукъ хадийна
ЛегІинчохь тогІи,
Анасан дошлой а
Левчкъина дІа.
Лакхара чухьоьжуш
МостагІий богІий,
Омранна кечвелла
БорзабІаьрг Іа.

Луьстачу хьаннашлахь
Эзар стаг тебна,
Эзар стаг вац хІинца
Хезаш я гуш.
Шен бераш мара а
Хьарчийна, хебна
Нана-лам, мостагІех
Хьулдина уьш...

Эххар а тІулгаш тІехь,
Лаьмнаш цецдохуш,
Дийкира ленийн и
Болатан зов.
КІелонах шекбевлла
МогІа ца бохош,
Эскаран юьхь боьран
Багахь дІайов.

Басешкахь левчкъинарш
Тапъаьлла Іара:
Хьалхе ду хІинца а
Бовла гучу.
Къовлур бу боьра дІа,
Некъ хадош, цара
Дерриг а эскар а
Ма дирззи чу.

«ХІан, хІинца хан кхечи!» —
БорзабІаьрг гІаьтти,
Даьржи дІа лаьмнашца
Вотанийн дур.
Берд текхи. Хирцинчу
Пепнийн чалх хІоьтти —
Кхийти тІе мостагІна
Буьйлина гур!

Бердашца, басешца
Чхернаш чукерчий,
Моттало хаьрци тІе
Массо а лам.
Еа а маьІІера
Детта тІе пхерчий —
Ницкъ хьенан кхочур бу
И къемат лан?!

Тимуран буьрса бIо,
БIарзбелла, боьхна,
Беттало — кху боьрахь
Бисина и.
Ца хууш мичхьара,
Хьан шайна тоьхна,
Оьгу уьш, гIа санна —
Бекхам хили!

БIаьн хьаьким — БахIадур,
Куралла яйна,
ХIун дер ша ца хууш,
Го хехкалуш.
Иштта иэхь хIинццалц цо
Цкъа а ца лайна:
БIо хIаллак хуьлуш бу,
МостагI ца гуш...

Ткъа чхернаш чукерча,
Пхерчий тIедетта.
Туьйранахь санна, ю
Херцаш тIе хьун.
Гатлуш бу и хьаьвхе
Боьра а тIеттIа,
Цу тIулган гали чохь
Далур ду хIун?!

БорзабIаьрг лакхара
Цу сурте хьоьжу.
Хьалхе ду тIелата —
Ницкъ цаьргахь бу.
Ткъа иштта цара шаьш
Вовшийн а хьоьшу.
Коьртаниг — боьра чохь
Уьш къовлар ду...

— Же, кIентий! — БорзабIаьрг
Динахь ву хIинца. —
Чухахка, метта уьш
Ца бохкуьйтуш!
Махьама шечаьрца
ТIелети Iинца,
Хьаннашлахь хьулбала
Ца бита уьш...

Хьерчаш бу, керчаш бу
Ламанан боьра.
Iожалло ловзар шен
Кхузахь хIоттий.
Техкаш бу, кхехкаш бу
Ламанан боьра,
КIежтуьйсуш, яй санна
Жоьжахатин.

Хьерча и, керча и
Хораме боьра.
Маьхьарий. Дой терса.
Болатан зов.
Гатбелла, Iаьвдина
Лаг санна, боьра,
Кху Iинчохь деттало
Дуьненан дов!..

БорзабIаьрг — ша цхьаъ ву
Иттаннан метта.
Кхочу и луьстачу
МостагIийн гуо.
Нуьйрахь шен ийалуш,
Ткъес санна, детта
Бекхаман сийлахь герз —
Мехкан тур цо.

Эсира, тIехьашка
И ларвеш, лета.
Бакъ хилла — хууш ю
ИоI тур ловзо.
«ХIинца ас йоькъур хьо!» —
Хийланна хета,
Амма йоI кхуьура
Тур дIахьовзо...

Анас шен дошлошца
Дехьа маьIера,
Лета тIе, мостагIийн
МогIарш а хьуьйш.
Хьуьнехьа хьаьвддарш а
Бовлац юккъера —
Махьамин бIаьхоша
ХIаллакбо уьш.

Кхо агIо дIалаьцна,
Гечо кхин доцуш,
Гатлуш бу меллаша
Бекхаман гуо.
Ткъа тIехьахь — лекха берд,
Бух гуш а боцуш,
Къиза ю цундела
Ен дуьхьало.

ЦIеххьана, иттех стаг
Цхьаьний тIелетта,
БорзабIаьрг верзийра
Шайна юкъа.
Накъостий бовлале
Хиллачух кхетта,
Вожийра, Iоьттина
И гоьмукъа...

— БорзабIаьрг!.. БорзабIаьрг!..
Баьчча вайн вийна! —
Баьржира ирча кхаъ
Массо маьIIехь. —
— Юхадовла! Чекхдели!
— БорзабIаьрг вийна!
— Анасе хаийта...
— Иэхь ду-кх и, иэхь!..

БахIадур, хIинца и
Веана метта,
Боллу ницкъ хIоккхуза
Берзийна цо.
Сихвелла, гома тур
Уьйуш, мохь бетта:
— TIетаIа! TIетаIа!
Хадабе гуо!..

Ца хилла дагахь-м и
Ша кхузахь тIом бан:
Сихонца даккхийти
Шена цхьа ков.
ХIоттийна гонаха
ГIароллин тоба,
Хьуьнехьа хохкий, и,
TIапъолий, вов...

TIелатар вайчийн а
Малделла, доьхна.
ХIинцале юхабовла
Сихбелларш го.
Баьчча шайн вожийча,
TIемалой боьхна,
МостапIийн дуьхьало
Кхин а чIапIло...

«Хӏинца хӏун дан деза?
Хӏорш боха бохку...
Анас тӏекхаччалц ас
Беза совцо!» —
Эсирас БорзабӀаьрг
Воьжначу хохку,
Катухий, Мехкан тур
Оьцу схьа цо:

— Юхадерза! Аш хӏун до?
Сих ма ло доха! —
Эсирас бевддачийн
Некъ хадабо. —
Гой шуна: Мехкан тур!
Соьга ладогӀа!
Юхадерза, хӏай кӀиллош!
Омра ас до!..

— Мехкан тур Эсирехь! —
Гора Эсира!..
— ЙоӀ, шек ма яла вай
Отур бу уьш!..
ЙоӀах иэхь хетта, дой
Юхадерзийра,
Сихонца мостагӀех
Летачех уьйш...

— КӀентий, тӏетаӀалаш!
Йиш яц вайн доха!
Цкъа дина наноша,
Цкъа бен лийр дац!
— Тоха цу йовссаршна,
Ца кхоош тоха!
Вай бехна баьхкина
Хьеший хӏорш бац!..

Юха а мостагIий
Берзийна готте,
Юха а къевли дIа
Хадийна гуо.
Баьччалла тIеэцна
Анас дIахIоьтти,
Мехкан тур ду хIинца
Даькхинарг цо!..

МостагIий уьдуш бу,
Бердах чулелха.
Баьржина, къаьхкина
Жа санна, уьш.
Герзаш шайн кхуьйсуш дIа,
Къинхетам беха,
Сихбелларш го хIинца,
Гораоьгуш.

— Герз теснарш, ца тухуш,
Йийсаре леца!
Тоьар ду, ца оьшу
Эрна цIий кхин...
«Ямартхо! Коьллашлахь
Лечкъина веца!» —
Анаса, урх узий,
Сацабо дин:

— Схьаяла, кIиллу, цу
Коьллаш юккъера!
Хьуна дан догIуш дерг
ЦIахь дийр ду вай!
Бахьаган мотт сецна,
Совдаьлла кхерар,
Гаррехьа вегош ву
И эла-лай...

X

Анасна цIеххьана
Эсира гин:
«Дийна ю! Дийна ю!» —
Деган мохь бели.
Шед тухуш, човхийна
Хьуьхьбоьлла дин,
Хаьхки цо йоI йолчу,
Дерриг дицделла.

— Эсира! Эсира! —
Маракъевли, —
Ца теша хIинца а
Хиларх хьо дийна!
Эсира! Эсира!
Юьтур яц кхин...
Тахана терго хьан
Ца еш со Iийна...

БIаьргашчу хьаьвссинчохь
Севци бIаьргаш,
Вовшашка кхевддинчохь
Деттало дегнаш.
Дерриг ду царшинна
Хууш, кхеташ,
Безамна ишттачохь
Ца оьшу дешнаш...

XI

Дерачу дестечо —
Кхолламо
Ламанхой цкъа а ца
Хьистина.

Даиман ловзар, цIей
Толаман
ГIийлачу белхаршца
Нисдина.

Къизачу тIамо нах
БIарзбина,
Бераш тхов, кхерч боцуш
Дисина.
Ткъа эпнарш кошан цхьа
Барз бина,
Сихаллехь дIаберзо
Дийзира.

БорзабIаьрг сий дарца
Воьлли дIа,
Лекха гу хаьржина
Кошана.
ЦIе язъеш, цIен байракх
Оьллина,
Чурт хилла хIоьттинчу
Ножана...

Анасан къоначу
Белшашна,
Лан мехкан деза дукъ
Дац атта.
Ницкъ боцуш бан а цхьа
Бен шаьшна,
Биссинчийн гIо дан а
Бац аьтту.

ХаьнтIиган арданго,
Ца Iебаш,
Ерриг а Симсим а
Мерцина.

ТIулга тIехь тIулг гича
Ца Iелуш,
И миска саьккалаш
Херцийна.

Адам ду хьаннашкахь
Даьржина,
Уьш хIинца муха, хьан
Гулбийр бу?
ГIайгIано дуьне а
Iарждина
Баьччина — цо муха,
ХIун дийр ду?..

XII

Нуьцкъалниг тахана
ГIаьттина дера:
Сийсара ца бина
Набаран суй.
ГIоттушехь, халат шен
Яьккхина тIера,
Лерина кечвелла,
Тилли цо куй.

Ойланаш... Хьийзаво
Цара, лаг Iуьйдуш;
Беза цхьа сацам бан,
Ца беш кхин хьем.
Чов хилла ча санна,
Чолакх ког уьйуш,
Хьийза и есачу
Чохь, байна тем.

БахIадурна хиллачо
Кхераман хьу луш,

Къизачу дагна а
Шен лазам бо.
Кху наыIалт хиллачу
Лаьмнаша худуш,
Денна а, ло санна,
Бешаш бу бIо...

«БахIадур — и кIиллу,
Шен са дадийна,
Эскар дIакхоьссина,
Веана схьа!..
Тоьлла бIо хIаллакби,
Бисинарш дийна —
Мархашна кIел бигна,
Йийсаре дIа!..»

«Моьттура иштта хьал
ХIуттур ду хьанна,
Ткъа хIара... ХIара ду
НеIалтан туш!..
Лета и ламанхой,
ШайтIанаш санна,
Дагахь бац хIинца а
Къарбала уьш...»

«Иэхь дац ткъа — дерриг а
Дуьне а хьешна
Эскарш кху лаьмнашца
Ца ларадо?!.
Сан тоьлла тIемало
МерIуьргал эшна!..
Тоьар ду! Ас кхин уьш
Ца кхардабо!..»

«ХIан-хIа, йиш яц сан Iен
Лаьмнашка воьлла,

Дан дезаш хIинца а
Сов дукха ду.
Дукха ду схьалеца
Мехкаш ккул тоьлла,
Сан коьрта тIом хIинца
Кхечухьа бу...»

«Иттех де — Iийр вац со
Кхузахь кхин веха.
Ишта а эрна ас
Яйина хан.
Ткъа нохчий, машаран
Кеп хIоттош, Iехо
Мегар ду... Деза цхьа
СовгIаташ дан...»

Сацам бин. Кийча ву
ТIеэца хIинца
Ша бехна балийна
Ламанхой и.
Пенаха кхозучех
Цхьа тур схьаийци,
Буьрсаллин кеп хIоттош
Охьахии...

ЧубонIу хьаькамаш,
Баккъаш а сеттош.
Айтамир, кхин масех
Нохчо а ву.
Массеран хьажар а
Шена тIехь сецош,
Шен тIеман духарца
Эсира ю.

Тийналла хIоьтти чохь
КIеззигчу ханна.

Меттах а ца хьовш, Іа
Тимур-Гурган.
Хьалха и вистхиллалц
Хуур ду хьанна
«Хьешашна» хІинца цо
Леринарг ган?!

Эххар а, ларамза
Санна куьг тесна,
Тимура охьаховша
Бакъо ели.
«ХІорш бу-кх уьш...
ХІинццалц сан
ХІорш ловзо дезна!..
Илланча... Майра йоІ...
Хаза-м ю и!..»

Ойланаш хадайой,
Маршалла хотту.
ГІерта и ма-хуьллу
КІеда хилá:
— Баьчча шун... Со волчу
Ван и ца хІоьтти?..
Ас-х, шу тешийта,
Амалт деллá!..

— Дац хІинца тхан баьччин
Кхуза вогІийла —
Къематде хІоттийна
Тхан лаьттахь аш!..
Тимур, ахь берриг а
Мохк тхан бохийна,
КІел даха тхов боцуш,
Дити берáш...

— Ма ала! Ма ала!..
Куьйра-хан вийча,

Герз охьатесна шайн
Ца хин Iен.
Хир вара тIаккха со
Гечдан а кийча,
Ца лоьхуш муьтIахь шу
Хиларрий бен...

Ткъа шу, эккхийна шайн
Висина эла,
ГIевттира, цхьаъ саина,
Дуьхьало ян.
Я паччахь вац хIинца,
Вац шун я дела,
Дийзира цундела
Сан таIзар дан...

— Куьйра-хан, паччахь веш,
Хаийна тхуна,
Тохтамыш пIиртира
Нохчех бан хIоз...
Iожаллин тур хилла
Веанчу хьуна,
Кхаьчнарг а ю хIинца
Декъаза хIонс!..

Гулдина ахь деший,
Даьхни а шорта,
Эзарнаш, эзарнаш
Берийх деш буо.
Алахьа, ца дина
Хьуна цIий кIорда?
Ца кхоьру наьIалто
Лацарна хьуо?

Тахана кхузахь хьо
Iа, той хIоттийна,

Вистхилар, хьажар а
Кура ду хьан.
Ткъа хаьий, мацалло
Маса бер дийна?
Тойнехь шаьш муьйлуш дерг
БІаьрхиш дуй тхан?..

Йицъелла хьуо вина
Хьайн нана хьуна
Цундела неханиш
Ахь белхабо.
Ца дезна цкъа а хьайн
Бераш а хьуна,
Цундела неханиш
Ахь хІаллакдо...

Адамаш ахь хьоьшу,
Хеташ дозалла.
Лаьтто бо узам ког
Кхетачохь хьан.
Алахьа, мичара
Ю хьан къизалла?
Адамниг дуй-техь дог,
Кийрахь дерг хьан?!.

Адам дац кхоьллина
Іено цІий вовшийн,
Диканна, ирсана
Кхоьллина ду.
ХІан-хІа, Іийр бац и нах
Къизалла ловш кхин,
Маршонна, нийсонна
Уьш гІоттур бу!. .

— Тоийта! Хьо муха
Ваьхьа уьш дийца?!

Сих ма ло эвхьаза
Айдан хьайн аз.
Вита со оьгIазло
Машарца хийца,
И дагахь кхайкхина
Кхуза шу ас.

Кхайкхина уллора
Лиъна шу довза.
Амал шун герзаца
Тоъал ас зийн.
Дац шуьца тахана
Дуьйна кхин дов сан,
Даиман дина ас
Майраллин сий!..

Илланча, хьо ган сов
Лиънера суна,
Лиънера ган хIара
Догмайра йоI...
Ца оьшу, хазаниг,
Хьо йоI йолчунна
Доьзалехь, тIемало
Ву ала, воI!..

Хьоьгахь и тIемалойн
Духар товш деца,
Ткъа цуьнца товш хир ду
ХIара сан тур!..
Иштта, ахь соьгара
СовгIатна эца,
ЖовхIар а — ду хьуна
Хьакъ цуьнан нур...

Баьччина совгIатна
Аш эцар доьху,

Халаташ, тоьллачех
Къастийна дой.
Къинхетам бин ас шух —
Кестта дIадоьлху.
Машарна тIера ду
ХIинца сан той!..

Вац со шун махкара
Кхин хIума оьшуш,
Дагчохь сан яц шуна
Кхин оьгIазло.
Амалтна битинарш
Кхачаре хьоьжуш
Iийр ву со. Той даьлча
Маьрша дIагIо...

XIII

Тезета хIиттина
Къонахий-лаьмнаш,
Турпалчу накхойх шайн
Лешаш схьа цIий.
ГIайгIане техка и
БIешерийн хьаннаш —
Чов хилла Нохчийчоь
Ойланехь тийн.

Шахьараш хирцина,
Чим хилла ярташ.
Эзарнийн тIаьххьара
Тхов — кошан барз.
Я жаш дац, даьхний дац,
Хьешна го ардаш.
Къематде хIоьттина,
Деш адам бIарз.

Къоьжалла стигланийн
Сийналлех ийна,
Хьоьжу чу ламанийн
Бохь — Коьрта-лам.
Хьоьжу и, дерриг а
Гуш-хезаш, тийна,
Iемина инзаре
Бохамаш ган...

ХIан-хIа, бац Коьрта-лам
Къарбелла, боьхна.
Дог тешна хьоьжу шен
КIенташка и.
Човхийна цара и
ХаьнтIиг а, тоьхна,
Лаьмнашка эвхьаза
Ца хьийззарг кхин.

И акха ардангаш
Кхачаза йисна,
Кхузара цхьа гIап бен
Меттиг кхин яц.
Зударший, бераший
Массо чоь юьзна,
Анасан бIаьхошна
Битина арц...

IиндагIаш — бIаьвнашна
Юккъерчу Iинца.
ХIоккхузахь гулбелла
Кхеташоне:
Иийсарех дан дезарг
Долийна дийца —
Таро яц кхиндIа а
Уьш кхобуш Iен...

— Алийша, хIун яош
Кхобур уьш оха?
— Уьш ларбан, кхабан а
Яц таро вайн!..
— Вайчарна ХаьнтIига
Диннарг дан догIу!..
— Герз карахь доцчарний?!.
— Дийр дац и вай!..

Къовсаме даьлла дош,
ПовгIанаш евли.
Дац атта нийса кхиэл
Ян мостагIийн.
Айтамир, гIаьттина,
Юккъехьа вели,
Массо а, тапъаьлла,
ЛадоьгIна тийн.

Сих ца луш, собаре
Хилар цо доьху,
Массарна гуш деца
ХIоьттина хьал.
ХIетте а адамалла,
Къинхетам хьоьху,
Къизалло толам ло
Моттар ду гал...

Йийсаршна юккъера
Векалш схьахаьржи:
Цаьрга а нийсонца
ДогIа цкъа ла,
Уьш хIинца, хьажар шайн
Лечкъош, юьхьIаьржа,
Кортош а охкийна,
Тапъаьлла Iа.

Мичахь ю майралла? —
ТIапъаьлла, яйна.
Эсала уьстагIий
Ду хIинца уьш.
Дерриг а дуьне а
Дезнариш шайна
Бу хIинца цхьа синош
Деле доьхуьш!..

— Хьовсийша, нах цаьрга —
Маликаш лаьтта!
— Къинхетам вайн саькkалш
Ягорна бо?! —
Маьхьарий дIатедеш,
Айтамир гIаьтти.
Йийсаршна тIевоьрзий,
Цо доладо:

— Схьахьовса, бIаьргаш шун
Тхох чIогIа къаьхкина!
ЛадогIий, хаттарна
Цхьа жоп ло аш хIинца:
Муьлаш ду? Мичара?
ХIун дахьаш даьхкина?
Кху лаьмнаш юккъехь аш
ХIун лоьху, схьадийца!..

Алийша: мостагIий
Вайх маца хиллера?
ХIусамаш сел къиза
Аш хIунда йохий тхан?
Зударший, бераший
Шуна хIун динера?
Алийша — къинхетам
Тхоьгара богIий ткъа?..

Йийсаршна юккъера
Волу цхьаъ хьалха.
Хан яьлла, корта а
Бихкина го.
Беркъа ву духарна —
Кучаца цхьалха.
МуьтІахь шен некха тІе
Дуьллу куьг цо :

— Тхан некъ бу Іаламат
Декъаза, беха.
Йицйина тхаьш динчу
Мехкан юьхь оха.
АстагІчу Тимура
Лоьхху тхо нехан,
Латтанаш схьалеца,
ГІалонаш йохо...

Дегнаш тхан шелделла,
Іожална децаш.
Къинхетам бихкина
Іаьржачу ницкъо.
Оха ког баьккхинчохь
Якъало бецаш,
Берашна самукъане
Делар шайн дицло.

Адамийн гІиллакхаш,
Оьздалла, сий а
Дайна тхан. Лаамаш,
Сатийсам хьаьшна.
КІордийна тхуна цІе,
Адамийн цІий а.
Лаьара ахан а,
Аран а тхаьшна...

Лаьара маьршачу
ХIусамехь дийша,
Наноша кечбинчу
Кхачанах кхета.
Лаьара тхайн бераш
Голаш тIе хийшо.
Цкъа яккъаш яьстина,
Довла тхайн кетIа...

ЛадоьгIна Iаш бу нах,
Дерриг ду кхеташ.
Кхеташ ду — уьш а шайн
Лаамехь бац.
ЛадоьгIна хьуьйсу нах,
Царех къахеташ,
Кхета нах — ницкъ царна
Бар нийсо яц...

Амма кху лаьмнаш тIехь
Кхозу дскх Iаьржа.
ХIинца а — уьш хьоьшуш
ХаьнтIиган сур.
И новкъа ма-велли,
Хир бу хIорш маьрша,
Кхин юха тур буйнахь
Цкъа а ца гур...

...Йийсарех дан дезарг
Къастийна дели.
Кхечи ргI Бахьаган
Иэхьах къурд бан.
МуьтIахь дIахIоьтти и
Лай — хилла эла.
ХIан-хIа, вац стаг кхузахь
Геч цунна дан!..

— Диэн деза и жIаьла!
— Ирхъолла веза!..
— Къинхетам бац хьуна,
Иэхь доцу лай!..
— Ямартхо! КIарлагIа[1])
Ян цунна еза!..
— Хьо санна, ямартхой
Хилла хьан дай!..

НеIалташ кхайкхадо
Массара бертахь.
Анаса, тIевоьдий,
Боккху схьа куй:
Халкъана ямартчу
КIиллочун коьртахь
Къонахчун куй бита
Тарлуш а дуй!..

Кхеташо ях ца ло —
Шеко яц цхьа а:
Ямартхо лаьтта тIехь
Ваха хьакъ вац!
Халкъана, махкана
Хьанала цкъа а
Хилла бац и элий,
Я хир а бац...

Сацам бин — бакъонца
Дайн гIиллакх лардан,
Ямартхо ца вуллуш
Кешнашка дIа.
Чурт доцуш, барз боцуш,
Каш цуьнан шардан,

---

1 КIарлагIа — ямартло я кхин иэхье, зуламе гIуллакх динчунна наьIалт кхайкхош, еш хилла тIулгийн я дечкийн чалх.

БІаьн новкъахь неІалтан
Ян кІарлагІа...

XIV

...Воьлли дІа бІаьн некъа
Йистехь и эла,
Кхузахь ян кІарлагІа
Массарна ган.
Айтамир ваха тІе,
Чхар тосуш, эли:
— ДІаэца, ямартхо,
Ахь неІалт тхан!

Анаса теси тІулг:
— НеІалт ду тхан!
Нанас а теси тІулг:
— НеІалт ду тхан!
Эсирас теси тІулг:
— НеІалт ду тхан!
Махьамас теси тІулг:
— НеІалт ду тхан!

ТІеоьху рогтІана
Воьллинчу эла.
ХІораммо кхуссу тІулг:
— НеІалт ду тхан!
Кхуьуш ю, айлуш ю
КІарлагІан оьла.
Хаддаза хезаш ду:
— НеІалт ду тхан!..

ЧУЛАЦАМ

Дешхьалхе 5

КЕРЛА ДЕ

«Мацах цкъа...» 13
Лаккенан гIиллакх 15
«Маракъевли ас хазалла...» 16
«ХIун лаьа боху ахь? ХIун ду ас лоьхуш?..» . . . 18
«Нана шен езар — и дозалла дац...» 19
Кхо Лаккхе 20
Керла Де 21
Ирс 23
«Олу, вай дехарг ю космосан зама...» 24
Смольнехь 26
«Іуьйранна, керла де долош...» 28
Новкъахь 29
Дахаран гIовгIа 30
ДоттагIчуьнга 31
«Іаьржа ду вайн латта, хьена ду и...» 33
Винчу лаьмнашкахь 34
Сийна Гене 37
«Кхокха санна, даржош сийна тIемаш...» . . . 39
«Аьхкенан де...» 40
Мохкбегор 42
«Къеначу вайн Лаьттан...» 43
Нийсонна гимн 44
Амал 46
«Кхихкина, кхачий де...» 48
Бераллин аз 49
Алазань 51
Ненан мотт 52
«БIаьстенан малхах ас...» 54